

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa téh mangrupa fénoména pangruwedna. Hirup tumuwuhna basa ngan aya dina kahirupan manusa. Éta sababna, basa téh jadi ciri khas kamunasaan. Ku lantaran gedé gunana pikeun hirup kumbuh manusa, basa téh tuluy-tumuluy diulik boh kaperluan sapopoé boh keur kaperluan élmu pangaweruh. Ari élmu anu husus ngulik tur medar basa téh disebutna élmuning basa atawa linguistik (Sudaryat, 2014, kc.1).

Pangajaran mangrupa sistem anu ngawengku rupa-rupa komponén anu silih pakait. Éta komponén téh ngawengku tujuan, matéri, métode, jeung evaluasi. Éta opat komponén pangajaran téh kudu diperhatikeun ku guru dina milih jeung nangtukeun pamarekan jeung modél pangajaran. Kagiatan maca bisa dilakonan ku siswa dina kagiatan diajar salah sahijina ngaliwatan matéri dongéng. Nurutkeun Triyanto (dina Septianingtias, 2015, kc.43) dongéng nyaéta carita fantasi basajan nu teu bener kajadian, fungsina nepikeun ajaran moral (ngadidik) anu ngahibur. Ti sababaraha wangenan dongéng nurutkeun para ahli, bisa dicindekkeun yén dongéng mangrupa karya sastra anu eusina nyaritakeun hiji carita teu bener kajadian/fiksi di alam ngahibur sarta mibanda ajén moral (ngadidik).

Dina prosés pangajaran basa Sunda anu diajarkeun di unggal jenjang pendidikan, salasahiji materi pangajaran nu diajarkeun nyaéta dongéng anu aya dina KIKD kelas VII SMP.

Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat (2017, kc. 36) dina buku Kurikulum Tingkat Daerah Mulok Mata Pelajaran Bahasa Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP/MTs nétélakeun kompetensi dasar (KD) anu dikawasa ku siswa dina kaparigelan basa jeung sastra Sunda jenjang SMP/MTs, nyaéta: *3.5 Mengidentifikasi struktur, fungsi sosiasal, aspek kebahasaan, dan nilai nilai yang terkandung dalam dongeng.*

Dumasar hasil panalungtikan Ariyani (2019) nétélakeun siswa kelas VII G SMP Negeri 2 Margasari ngalaman hésé dina diajar jeung ngahontal hasil diajar dina pangajaran dongéng. Hésé diajar téh kusabab kurangna minat kana matéri

dongéng, dibuktian ku lobana siswa anu loba ngobrol ogé heureuy jeung babaturanna, pasif jeung teu aktif milu méréskéun masalah.

Dumasar kana pasualan di luhur, diperlukeun stratégi pangajaran pikeun ngaoptimalkeun kagiatan siswa dina prosés pangajaran sarta dipiharep ningkatkeun préstasi hasil diajar sacara maksimal. Dina nyingkahan pasualan éta tangtu merlukeun modél pangajaran anu éféktif.

Modél pangajaran téh réa wangunna, salahsahijina nyaéta modél pangajaran *Talking Stick*. *Talking Stick* kaasup kana salah sahiji modél pangajaran nu kooperatif. Modél pangajaran *Talking Stick* mangrupa salah sahiji modél pangajaran anu kooperatif nu bisa ngalatih siswa pikeun wani nepikeun sawanganna ngeunaan topik nu enggeus di diskusikeun jeung babaturan sakelompokna. Modél pangajaran *Talking Stick* ogé mangrupa modél pangajaran anu bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa kusabab modél pangajaranna ngirut maké iteuk nepi ka nyieun siswa jadi sumanget nalika kagiatan pangajaran. (Hasan spk, 2019, kc. 4).

Nurutkeun Sukroyanti spk. (2018) modél pangajaran *Talking Stick* dina kelas VIII I (kelas eksperimen) SMP Negeri 5 Mataram bisa mantuan siswa pikeun leuwih aktif nalika kagiatan diajar lumangsung. Nurutkeun Retnowati & Afandi (2016) modél pangajaran *Talking Stick* bisa ngaronjatkeun kamampuh minat jeung préstasi diajar dina pangajaran PKn siswa kelas V SDN Balerejo 01 Demak. Sedengkeun Restian spk (2020) nalika pangajaran ngagunakeun modél *Talking Stick* digunakeun dina pangajaran, panalungtik manggih sababaraha kendala, nyaéta (1) nalika pangajaran lumangsung, siswa ngarasa bosen jeung diajar sorangan atawa ngaheureyan babaturanna, (2) siswa nu kapilih atawa nu meunang iteuk nalika eureun ngan sababaraha hungkul, (3) nalika kagiatan nu kurang kondusif, kusabab siswa saukur heureuy jeung méré-méré iteuk hungkul.

Nilik pasualan di luhur, panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Talking Stick* masih perlu dilarapkeun sabab dina bahan ajar anu digunakeun nyaéta matéri dongéng saluyu jeung konsep modél pangajaran *Talking Stick*. Bédana jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina bahan ajar. Salian ti éta objék panalungtikanana ogé béda.

Dumasar kana hal-hal anu kapaluruh di luhur, ku kituna panalungtikan nu judulna “Modél *Talking Stick* dina Pangajaran Maca Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang anu dipedar di luhur, yén aya sababaraha masalah anu nyampak, nyaéta:

- a. kamampuh siswa dina maca dongéng masih kénéh héngkér;
- b. modél pangajaran anu di sakola masih kénéh kurang ngirut pikeun siswa anu antukna kurang motivasi dina diajar dongéng;jeung
- c. munculna kapanasaran pikeun nguji modél pangajaran *Talking Stick* pikeun dijadikeun média pangajaran hususna dina pangajaran dongéng.

1.2.2 Rumusan Masalah

Ku kituna nyoko kana idéntifikasi masalah, bisa dirumuskeun masalah dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick*?
- b. Kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun modél *Talking Stick*?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh maca dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Talking Stick*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah, sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, nganalisis, jeung nguji kamampuh siswa dina matéri Dongéng di kelas VII-C di SMP Negeri 7 Bandung ngangunakeun modél *Talking Stick*.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan anu geus dirumuskeun, ieu panalungtikan téh miboga tujuan sacara husus pikeun mikanyaho jeung ngadéskrupsikeun:

- a. kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick*;
- b. kamampuh maca dongéng siswa siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun modél *Talking Stick*; jeung
- c. signifikan atawa henteu kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Talking Stick*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, minangka bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan modél *Talking Stick*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan ditétélakeun ieu di handap.

- a. Pikeun guru

Bisa dijadikeun minangka hiji stratégi pikeun nataharkeun siswa anu aktif, kréatif, tur pikaresepeun;
- b. Pikeun siswa

Bisa kairut jeung mekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna diajar maca jeung maca dongéng; jeung
- c. Pikeun anu nalungtik

Bisa dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngarancang sarta ngamangpaatkeun modél pangajaran anu aya salaku alat pikeun ngamekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disarungsum jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang anu medar ngeunaan pasualan anu kaidentifikasi, rumusan masalah anu ngaguar ngeunaan idéntifikasi masalah dumasar kasang tukang sarta rumusan masalah dina sababaraha kalimah pananya, tujuan panalungtikan anu medar tujuan panalungtikan sacara umum jeung husus, mangpaat panalungtikan sacara teoritis jeung praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, anu ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél pangajaran *Talking Stick*, maca, dongéng, jeung modél pangajaran *Talking Stick* dina pangajaran maca dongéng. Salian ti éta, BAB II ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu ngawengku kamampuh maca dongéng siswa saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick*, kamampuh maca dongéng siswa sabada ngagunakeun modél *Talking Stick*, bébédana anu signifikan kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi panalungtikan, rékoméndasi tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun.